ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM 9 октябрь 2025 год № 19 (587)



ОРДЕН «ЗА ЗАСЛУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ



А.-Х. Кадыров

# ИСЛАМАН ЗIАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

## ГРОЗНОМУ – 207 ЛЕТ!



5 октября мы отметили День города Грозного. Это важная дата в жизни чеченской столицы, полная славной истории и грандиозных событий, которые оставили заметный след в её развитии. После многих испытаний, сегодня Грозный вновь сияет, став жемчужиной Кавказа.

### КРАСИВАЯ И ГОСТЕПРИИМНАЯ СТОЛИЦА

Город растёт и расцветает! С каждым годом он становится все красивее. Чистый, гостеприимный и привлекательный – таким его узнали тысячи гостей из разных уголков мира. Грозный продолжает привлекать всё больше туристов, которые открывают для себя его уникальную культуру и атмосферу.

Многочисленные проекты способствуют всестороннему гармоничному развитию города. Здесь есть всё, чтобы изучать и соблюдать религию: медресе, школы Хафизов, величественные мечети и многое другое. Эти компоненты делают Грозный местом, где удачно сочетаются традиции и современность.

## 5 ОКТЯБРЯ: ПРАЗДНИК ЧЕЧЕНСКОЙ МОЛОДЕЖИ



5 октября чеченская молодежь отметила праздник, который служит напоминанием о её заслугах в укреплении мира и стабильности в Чеченской Республике. Молодежь играет ключевую роль в восстановлении социально-экономической сферы региона и является одной из самых активных частей общества.

### ВОЗМОЖНОСТИ ДЛЯ РОСТА

Под руководством Главы Чеченской Республики Рамзана-Хаджи Кадырова создаются необходимые условия для всестороннего развития молодых людей. Это включает получение качественного образования, занятия спортом и физической культурой, а также изучение и соблюдение религии. Благодаря этим усилиям, молодежь Чечни не только активно участвует в жизни региона, но и вносит значительный вклад в его будущее.

## «УЧИТЕЛЬ СОЗДАЕТ НАЦИЮ»

Эти слова принадлежат Первому Президенту Чеченской Республики, Герою России Ахмату-Хаджи Кадырову. 5 октября мы отметили День учителя. Этот праздник был посвящён тем, кто формирует будущее нашего общества.

### ЗНАЧЕНИЕ УЧИТЕЛЕЙ В ОБЩЕСТВЕ

Учителя — это люди, чья профессия требует огромной выдержки и терпения. Профессия учителя считается одной из самых уважаемых в обществе. Ислам призывает к уважению учителей и признанию их роли.

Имам Абу Ханифа, известный мусульманский теолог, в своё время сказал: «Я ни разу не вытягивал ноги в сторону дома моего учителя, Хаммада ибну Аби Сулаймана, хотя [расстояние] между моим домом и его домом было семь кварталов». Эта цитата подчеркивает высокую степень уважения, которую должны испытывать ученики к своим наставникам.

### ПРИМЕР СОВРЕМЕННЫХ УЧИТЕЛЕЙ

Сегодня в нашем обществе много современных учителей, которые вдохновляют и направляют молодое поколение. Празднование Дня учителя – это возможность выразить признательность всем педагогам за их труд и преданность делу обучения.



## СПОРТИВНЫЕ ДОСТИЖЕНИЯ АДАПТИВНОЙ ШКОЛЫ «ЛАМАН АЗ»

**В БЛИЖАЙШИЕ ГОДЫ ВОСПИТАННИКИ НАШЕЙ АДАПТИВНОЙ ШКОЛЫ «ЛАМАН АЗ» МОГУТ СТАТЬ ПОБЕДИТЕЛЯМИ ПАРАЛИМПИЙСКИХ ИГР, А ТАКЖЕ ЧЕМПИОНАМИ РОССИИ, ЕВРОПЫ И МИРА. ОНИ УЖЕ СЕГОДНЯ ПОКАЗЫВАЮТ ВЫДАЮЩИЕСЯ РЕЗУЛЬТАТЫ В РАЗЛИЧНЫХ СПОРТИВНЫХ ДИСЦИПЛИНАХ.**



Недавно в адаптивной школе «Ламан аз» прошел спортивный фестиваль, приуроченный к празднованию Дня города Грозного. Это мероприятие стало настоящим праздником для наших ребят и их болельщиков. Одним из самых зрелищных видов соревнований был тандем-велосипед – динамичный и захватывающий вид спорта, который продемонстрировал силу духа и упорство наших воспитанников.

### ПОБЕДИТЕЛИ ФЕСТИВАЛЯ

Мы гордимся тем, что смогли отметить достижения наших участников. Итак, на этом спортивном фестивале были объявлены победители:

**1 место – Газмагамаев Ислам**
**2 место – Газнев Расул**
**3 место – Шабазов Рамзан**

Приятно осознавать, что победители обучаются в единственном медресе для слепых и слабовидящих, которое официально зарегистрировано Духовным управлением мусульман России. Они изучают священный Коран по методу Брайля, осваивают арабский язык и становятся полноправными членами мусульманской общины.

Эти молодые спортсмены проявили отличные навыки и соревновательный дух, и мы надеемся, что в будущем они сумеют достичь еще больших высот.

*Макка Халидова*

## ТАХАНА ПОЬМАРЕХЬ

### 2-гIа агIо

### ЙИСИНА IАШ ЙОЛЧУ ЗУДЧУХ А, БУОБЕРЕХ А ДИЙЦАР

«***Турпал-Iелин (Дела реза хуьлда цунна) тIаьхьенах волуш, цхьа къонах хилла ГIажарин (персийн) махкахь Балахь олучу шахьарахь ваха хиъна.***

Шайн цIийнах зуда а, оцу зудчо бина йоIарий а хилла цуьнан. Хаза токхе дахар хилла церан.

Цхьа хан йаьлча, цIийнда вала а велла, рицкъа а, беркат а дIадаьлла, къийбелла доьзал. Цул тIаьхьа шайн мостагIий шайх кхардарх кхийрина, шен йоIарий буьгуш, кхечу махка дIайахна и зуда. Арабовлар чIогIа шийлачу хенахь нисделла церан.

Керлачу махка ша дIакхаьчча, шен йоIарий дIатесна йолчу цхьана гIишло чу а бигна, царна рицкъанах хIума лаха арайаьлла нана.

Йоьдуш, шина гуламна тIекхаьчна иза – оцу шахьарахь тхьамда волчу бусалба стеган гуламна а, шахьаран ден мушрикан (хIуьппалгашна Iамал йеш верг) гуламна а...»

### 3-гIа агIо

### БУДЬТЕ МИЛОСЕРДНЕЕ К ШКОЛЬНИКАМ

«Сердце воробушка» – так говорят о восприимчивых людях. Нервная система каждого человека индивидуально устроена так, что пустячная психологическая нагрузка для одного может стать серьёзным испытанием.

Мы созданы настолько разными, что смысл одних и тех же слов и фраз до каждого дойдёт в своей оригинальной интерпретации. Самые ранимые – это дети. Замечали, как вздрагивает ребёнок, когда на него прикрикнул родитель? Детское сердце ранимо, а душа ещё очень хрупка, её нужно беречь.

#### НЕДЕТСКИЕ НАГРУЗКИ В ДЕТСКОМ ВОЗРАСТЕ

Нынешние дети – экспериментальный материал. Почему? Потому что школьная программа и учебники претерпели негативные преобразования.

Пока идут преобразования, испытуемые – это дети. Бесперспективные учебники, бессистемное образование и прочие «ужасы» — это тот груз, который несут на своих плечах представители юного поколения. Им будет в разы сложнее, если такие же загнанные временем родители дома начнут усложнять их участь, ругая на повышенных тонах за отметки или за несделанные «домашки»...»

### 4-гIа агIо

### ОЬЗДАНГАЛЛА ХIУН ЙУ А, ЦО ХIУН МЕТТИГ ДIАЛОЦУ

«Таркхойн Шовхала ша волчу хьошалгIа кхайкхина хилла боху цIейаххана болу кIентий. Iуьйранна туьха а ца тосуш, теза кхача хьалха биллина хилла цо царна. Ц+хьаммо инкарло ца йеш, хьешо буъучу барамехь кхача биъна цара. Делкъанна туьха совдаьккхина, кхача хьалха биллина цо царна: Iуьйранна шаьш ма-баъара биъна хилла цара и кхача а. Ткъа суьйранна чам тобина, тоьлла кхача хьалха биллина хилла Шовхала хьешашна. Шаьш Iуьйранна, делкъанна ма-кхеттара кхачанах кхетта, севцца хилла хьеший. ТIаккха церан оьздангаллех цецваьлла, Шовхала хьаьттина хьешашка: «Ма тамашийна болх бу-кх суна гуш берг. Теза, дуьра, мерза цхьатерра йии-кх аш?» Хьешашна йукъахь воккхах волчу Эвтархойн Ахьмада жоп делла хилла тIаккха: «Тхо-м хьан шуьне чемаш хержа даьхкина даций, Шовхал. Нехан хьаьвди тIехь дин берстар бац, нехан шуьнехь къонах верстар вац.»

Мел лекхара оьздангалла гойту цу дийцаро. Вайн халкъан фольклора тIера дийцар ду иза. Иштта леккхарчу оьздангаллехь хилла вайн дай. «Хилла»,- аьлла, и иштта дита ца ло, йа и иштта дита лаа а ца лаьа. Оьздангалла Iадъйуьту хIума йац, «Хилла», - аьлла. Иза гуттар хила езаш йу. Иза Iадйитахь а, иза ширйелла, цуьнан мах дIабаьлла йуьтур йац ахь и Iад, и Iадйитахь, хьайн мах охьабаьллий, хьайн адамалла ширйеллий бен...»

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# ЙИСИНА IАШ ЙОЛЧУ ЗУДЧУХ А, БУОБЕРЕХ А ДИЙЦАР

Турпал-Iелин (Дела реза хуьлда цунна) тIаьхьенах волуш, цхьа къонах хилла ГIажарин (персийн) махкахь Балахь олучу шахьарахь ваха хиъна.

Шайн цIийнах зуда а, оцу зудчо бина йоIарий а хилла цуьнан. Хаза токхе дахар хилла церан.

Цхьа хан йаьлча, цIийнда вала а велла, рицкъа а, беркат а дIадаьлла, къийбелла доьзал. Цул тIаьхьа шайн мостагIий шайх кхардарх кхийрина, шен йоIарий буьгуш, кхечу махка дIайахна и зуда. Арабовлар чIогIа шийлачу хенахь нисделла церан.

Керлачу махка ша дIакхаьчча, шен йоIарий дIатесна йолчу цхьана гIишлочу а бигна, царна рицкъанах хIума лаха арайаьлла нана.

Йоьдуш, шина гуламна тIекхаьчна иза – оцу шахьарахь тхьамда волчу бусалба стеган гуламна а, шахьаран ден мушрикан (хIуьппалгашна Iамал йеш верг) гуламна а.

ТIаккха бусалбанна тIера дIайолайелла и. Шен къабала балхийна цо, Iелин тIаьхьенах йу ша, бай кхобуш йу, тховса царна дала пхьор дезара шена аьлла.

Бусалбано аьлла тIаккха: ***«Хьо, Iелин тIаьхьенах йолуш, сийдолуш зуда хилар тIечIагIдан тешаш балабе суна».***

Зудчо: ***«ХIокху махкахь со хийра стаг ма йу, со йевзаш цхьа ма вац»,*** – жоп делла.

Оцу стага тергал ца йеш Iадйитина зуда.

Дог доьхна а йолуш, дIайахна иза. ТIаккха оцу мушрикана тIейахна. Шен хьолах лаьцна дийцина, шеца буобераш хилар, ша дикачу цIийнах хилар, хIокху махкахь ша хийра зуда хилар хьахийна, бусалба нехан тхьамдано шега аьлларг дийцина.

Мушрика, чуьра зударий бахийтина, иза а, цуьнан йоIарий а шен цIа схьабалабайтина, дикачух йаахIума а йаийна, тоьллачух духар



дуьйхина, буьйсайоккхийла йелла царна.

Буьйса йуккъе йахча, бусалба нехан тхьамдина гIенах Къематде хIоьттина гина, Элчанан (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) байракх дIайоьгIна гина, цIечу алмазех а, жовхIарех а ученаш йолуш, жовхIарех а, маржан олучу мехалчу тIулгех а къуббанаш йолуш баьццарчу изумрудех йолу гIала гина.

ТIаккха цо хаьттина: «ХIай Делан Элча, хIара гIала хьанна кечйина йу?»

Делан салам хиларо аьлла: ***«Дела цхьаъ веш волчу бусалбанна кечйина йу».***

Цо аьлла: ***«ХIай Делан Элча, со ву-кха Дела цхьаъ веш волу бусалба».***

Элчано (Делера саламмаршалла хуьлда цунна) жоп делла тIаккха: ***«Хьо Дела цхьаъ веш волу бусалба хилар тIечIагIдан тешаш балабе суна».***

Воьхна, хьере хилла, хьаьвзина и тIаккха.

Делера салам хиларо аьлла: ***«Турпал-Iелин тIаьхьенах йолу зуда гIо доьхуш хьуна тIейеъча, хьо Турпал-Iелин тIаьхьенах хилар тIечIагIдан тешаш балабе суна, ма элира ахь. ХIинца ахь а балабе суна хьуо бусалба хилар тIечIагIдан тешаш».***

ТIаккха, зуда гIо ца деш ша йитарна дохковаьлла, холчухIоьттина волуш самаваьлла иза.

Цул тIаьхьа, оцу шахьарахь и зуда хоьттуш, лоьхуш лелла. Эххар а иза мушрик волчохь йуй хиъна, цуьнга хабар дахьийтина.

Иза схьавеъча, бусалба волчо аьлла: ***«Хьо волчуьра и сийлахь зуда а, цуьнан йоIарий а дIабига воллу со».***

Мушрик ву бохучо аьлла: ***«Иза цахиндерг ду, суна царах беркат даьлла».***

Тхьамдано: ***«Эзар динар (деши) схьаэций, дIабигийтахьа соьга уьш»,*** – аьлла.

Цо, буьгуьйтур бац, аьлла.

Тхьамдано: ***«Уьш боцуш шен йиш ма йац»,*** – аьлла.

Мушрик ву бохучо: ***«Оцу хьуна дезаш долчу хIуманна со хьол а тIех хьакъ ву. Хьуна*** гIенах гина йолу гIала суна йоьгIна йу. Бусалба динехь ву бохуш тола гIерташ ву хьо. ВаллахIи, со а, сан цIийнан охIла а, тхо сийсара дIадийшина ма дац, и зуда бахьана долуш, оха массара а иймандиллинчул тIаьхьа бен. И хьуна гIенах гиначух тераниг суна а ма гина. Соьга Делан Элчано (Делера саламмаршалла хуьлда цунна) ма элира: «Iелин тIаьхьенах йерг а, цуьнан йоIарий а хьо волчохь буй?» Ас, бу аьлла, жоп делча, цо: «ГIала хьан а, хьан цIийнан охIланан а йу, хьо а, хьан цIийнан охIла а йалсаманин охIланах ду, Дала азаллехь бусалба кхоьллина ву хьо».

ТIаккха, и бусалба мел чIогIа дохковаьлла, Далла бен хуур дац. Дог эшна, сингаттаме волуш дIавахна иза.

ХIокху дийцаро гойту буоберашна а, бай кхобуш болчу зударшна а гIо дар мел беркате ду; дуьненан дахарехь сийлахь айвеш, эхартахь йалсамани чу вахийтарца декъалвеш.

Бухарис а, Муслима а (Дела реза хуьлда цушинна) гучудаьккхинчу Делера салам хиларан бакъдолчу хьадисехь ма ду: ***«Йисина Iаш йолчу зудчунна а, къен-миска нахана а гIо деш верг Делан новкъахь волчу гIазотхочух тера ву»,*** – аьлла.

Амин, валь-хьамду лиллахIи Раббил-Iаламийн.

**БУОБЕРО ДИНА ШАФАIАТ**

Хьалхалерчу нахах цхьамма дийцина...

Йуьхьанца чIогIа харцахьа лелаш, къаьркъа муьйлуш вара со. ТIаккха цхьана дийнахь къен-миска кIант гира суна, буобер хиллера иза. Со волчу дIавигна, йаахIума йаийна, тIекога дуьйхина, лийчийтина, дас шен кIентан санна, кхин а чIогIа лерам бира ас цуьнан. Цул тIаьхьа, буьйса тIейеъча, дIавижира со. ТIаккха, гIенах Къемат-де хIоьттина, со хьесап дан тIекхойкхуш гира суна. Iеса лелла хиларна со жоьжахати чу вахийта омра дира. Со дIавуьгуш Iазапан маликаш дара. Церан карахь хIумма а йоцург хилла, сийсаз вара со. Цара текхош жоьжахати чу хьош волуш, тхуна некъ къовлуш и буобер дуьхьалделира. Цо элира: ***«Iадвитийша хIара, хIай Делан маликаш, сайн Деле иза воьхуш шафаIат дайтийша соьга, баккъал а, суна дика хилла, сан лерам бина варкха иза».*** Маликаша элира: «Iадвита аьлла, омра ца дина тхоьга». ТIаккха Лекха волчу Делехьара кхайкхам хезира: «Iадвита иза, буоберо шена дика хиларна иза воьхуш динчу шафаIатна жоп делла Ас».

Маликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: ***«ХIусамех уггар диканиг шена чохь дика дола деш буобер дерг йу. ХIусамех уггар вониг шена чохь гIело йеш буобер дерг йу. Лекха волчу Делан лайх уггар Цунна дукхавезнарг буоберана а, йисина Iаш йолчу зудчунна а гIо динарг ву».***

Лекха волчу Дала Шен дукхабезачех Дойла вай! Амин, вальхьамду лиллахIи Раббил-Iаламийн.

***Из книги С.Б. Муртазаева «Фарз закат а, мелан сагIа а»***

НАШИ ГЕРОИ

## АЗИЕВ МАГОМЕД (1964 – 2001)




Младший лейтенант милиции, участковый уполномоченный Азиев Магомед родился в 1964 году в селе Дышне-Ведено Веденского района.

После окончания школы был призван в Советскую Армию, службу проходил в городе Хабаровске. С возвращением на малую родину поступил в Серноводский сельскохозяйственный техникум.

В 1988 году женился на своей односельчанке, стал отцом троих детей. В том же году устроился учителем в школу и проработал там до 1994 года.

Службу в правоохранительных органах начал в 1999 году. Коллеги говорят о нем, как о человеке мужественном, принципиальном, смелом и порядочном, высоко оценивают его профессиональные качества.

За неделю до убийства бандиты ворвались в дом Азиева. Избив его, они пригрозили расправой, если он не уйдет из органов. Но Магомед не пошел на поводу у преступников. И ровно через неделю, 6 ноября 2001 года, тайком пробравшись в дом, бандиты расстреляли Магомеда на глазах родных.

За мужество и героизм, проявленные при исполнении служебного долга, Указом Президента Российской Федерации Магомеду Азиеву присвоен орден Мужества (посмертно). Его именем также названа одна из улиц в селе Дышне-Ведено.

Дала гIазот къобалдойла цуьнан!

# ВОККХА-ДАДИН ХЬЕХАР

Делан къинхетамца хаза йеанера хIара аьхке. Йовхо Iаткъа йоьлча догIа догIура. Беркате догIа. Iуьйранна а, суьйранна а, дагна хьаам беш, шийла мох хьоькхура. Къилбаседехьара схьахьоькхучу мохехьа а воьрзий, охьахуура хIора а суьйранна Воккха-Дада. Далла хастам бора цо иштта хаза суьйренаш, Iуьйренаш йахкийтарна, Ша хьехо АллахIа шена пурба даларна. Даима а карахь суьлхьанаш хуьлура цуьнан, хIора буьртиг дIа карчош, Делан йоккха цIе йоккхура цо: «Ла илахIа илла-АллахI» - олуш.

ХIинца а иштта Iаш волчу цунна тIебаьхкира лулара кегийрхой а, кхиазхой а. Суьйре дика а йина, хьал-де а хаьттина, воккхачу стеган бIаьра ца хьовсуш, дIахIиттира уьш.

- Герга хилал суна. Дийцал, муха ду шун гIуллакхаш? Шун да-нана, йиша-ваша хIун деш ду? - хаьттира воккхачу стага.

- ГIуллакхаш вуон дац. Дерриге а могаш ду, - массеран а метта жоп делира МасIуда, Абуйезидан кIанта.

- Йуьртахь дуй керла хIумма а? - йуха а хаьттира къаночо.

- Хьасанан кIантана зуда йалор доцург, кхин хIумма а дац. Иза тахана дIайерзош йу, - элира МасIуда.

- Дала декъалдойла и шиь. Дала беркате нус а, доьзалхо а войла цунах. Дала барт цхьаъ бойла церан. Иза-м, шу даха, ду дика гIуллакх. Шен зама тIекхаьчча жимачу стага зуда а йало йеза, шен хеннахь йоI маре йаха а йеза. ХIара дуьне кхоьлличахьана адамашна йуккъехь чIагIделла схьадогIуш Iадат ду иза, - аьлла, карара суьлхьанаш вета болчу кучан аьрру агIорчу кисана дехкира цо.

Дуьненан къамел дечу хенахь уьш дагна уллерчу кисана дохкура цо.

- Зуда йалорца, йоI маре йахарца, захало дарца доьзна дукха хаза гIиллакхаш, Iадаташ ду вайн халкъан. ХIора йуьртахь бохург санна, шайн-шайн башхаллаш йолуш ду уьш. Замане хьаьжжина цхьадолу гIиллакхаш хийца а ло, - дIадолийра Воккха-Дадас шен къамел. Цунна хаьара кегийрхой цунах дерг хаа, довза лууш баьхкиний а, цу хьокъехь дерг хатта царна бIегIийла доций а.

- Хьалха заманахь жимачу стеган а, йоIан а вовшашна довзар, дукха хьолахь, нах гуллучу меттехь хуьлуш хилла. Цу хенахь нах мичахь гуллуш хилла? Дера хилла белхех, синкъерамехь, ловзаргахь, хийистехь, кхечанхьа. И санна йолчу меттигашкахь къайле хила йиш ца хилла. Нохчийн халкъан оьздачу гIиллакхаша тIедуьллу кIентан а, йоIан а йукъаметтигаш тешам болччохь хилийтар. Халкъалахь осала лоруш а хилла, магош а ца хилла кIант а, йоI а теш воцуш цхьаьнакхетар, шаьшшиъ латтар.

Синкъерамехь, белхех йа ловзаргахь йоI йевзинчул тIаьхьа жимачу стага иза лулахочуьнга хийисте кхойкхуьйтуш хилла. ЙоI лулахойн чу кхойкхуш Iадат а дара вайн. Ша а, оцу хийисте шеца цхьаьна накъост а волуш воьдуш хилла иза. Захало дийца хийист къастор шатайпа маьIна долуш хIума дара. ХIунда аьлча, кхайкха ца оьшуш йоI хийисте (шовдана йисте, хьостане) ша йогIуш меттиг а хилла, шайна мала хи дахьа. КIант а вогIуш хилла шен говрана хи мало. Цигахь и шиъ цхьаьнакхетча, йуххехь теш воцуш, адамаш доцуш вовшашка дист хуьлуш, цхьаьна лаьтташ ца хилла. Хийистехь тасаделла гергарло, захало шовда санна цIена хуьлу олура.

Хийистехь йа кхечанхьа йоI йевзича, цкъа хьалха цуьнгара дуьненан синкъераман дош доккхура. Оцу дашо йа кIант а, йа йоI а цхьана а хIуманна декхар ца дора. Дуьненан синкъерамна къамелаш дора цара. Цул тIаьхьа, вовшашна девзича, дезаделча дуьненан тIаьхьалонан дош доккхура бохам хуьлуш хилла. Делахь а, вайн халкъана йукъахь наггахь иштаниг а нислуш хилла, йоI хьекъална кIезиг хилча, ша лелочун хьесап дан цуьнан кхетам ца хилча. Ша бахьанехь шен цIенна тIе бохам боуьйтуш хилла ишттачара.

Захалонаш синкъерамехь, белхех, ловзаргахь тасалуш меттигаш дукха хуьлура. Синкъерам хьаша-да веача, хьешана олий, беш хилла. Мехкарий дай-наношка боьхий балабора.

Кегийчу наха шина тхьамданех цхьаьнга йа йукъалелачу зудчуьнга, шайна сакъера луучу йоIанна тIе хабар дохьуьйтура, йа хелхарш а, пондар-вота а сацийначул тIаьхьа, массарна а хозуьйтуш девзаш, къепе латто хьуьнар долуш хила безара божарийн а, мехкарийн а тхьамданаш. Цара аьлларг дора кегийчу наха а, мехкарша а. Синкъераман дай а хуьлура низам лардайтарна тIехь сема терго латтош.



йоIера. Йуха – тешаман дош. ЙоIа кара хIума луш гIиллакх а дара, кIентан дехарца. Оцо кIантана а, йоIана а бехкамаш бора кхечанхьа захало дийца а, йалорах-йахарх лаьцна кхечуьнца къамел дан а, хийистехь латта а. ЙоIа кIантана тешамна кара луш йара пIелгах йуллу чIуг, йа сахьт, йа йовлакх.

Цхьанна кара хIума а йелла, кхечуьнга маре йахар магош ца хилла вайн дайша. Иза доккха эхь лоруш хилла, цунах нахана йукъахь доккха зулам долуш, Царах жоп дала тIе а лоций, йа цунна йуххе жимах волу ваша йа йиша доккхий. Ткъа кегийрхой, цхьамма а кхайкха ца оьшуш, синкъераме шаьш боьлхура, шайн самукъадаккха а, йоI йовза а.

Синкъерам хIусамехь, чохь хуьлура, наггахь – рагIу кIелахь. Цхьана агIор охьахевшина кегий нах хуьлура, вукха агIор - мехкарий. Кегийчу наха а, мехкарша а шайна йукъара тхьамда хоржура. Синкъераман гIиллакхаш, некъаш дика жимачу стага шена хазйеллачу, шен бIаьрг тIехIоьтинчу йоIе къамел дора. Цул тIаьхьа вовшашка бIаьцанаш а йеш, йукъалелачуьнга кест-кеста хабарш тIе а кхоьхьуйтуш сакъоьрура. Кхин цхьа бакъо а йара синкъерамехь кIанта а, йоIа а ларйан йезаш. Хьешо хьеше сакъера йиш йацара. ХьошалгIа йеанарг йоI хилча, цо йуьртарчу кIанте кьера дезаш дара са. Веанарг хьаша велахь - оцу йуьртарчу йоIе. Синкьерам чекхбаллалц бен, кхин тIаьхье йолуш ца хуьлура синкъерамехь вовшашка сакъерар. Нагахь санна кIант йоIаца кхидIа а йукъаметтиг лелон лууш хилча, цо иза дIахоуьйтура...

Цу тайпана синкъерам дIабахьаран кеп Нохчийчохь массанхьа а ца хуьлура. Ала дашна, Органца йолчу нохчийн йарташкахь йоIана тIе дохьуьйтуш долу хабар хууш а, цо кIантана делла дош хууш а кхоъ бен хуьлуш дацара: кIант а, йоI а, йукъалелаш йолу зуда а. Синкъерамехь болчарна ца хаьара кIант хьаьнга сакъоьруш ву.

Синкъерамах мелла а къаьсташ хуьлура ловзар. ХIинца ловзарш деш хаалахь а, синкъерам беш ца хаало. Цундела къоначарна цуьнан гIиллакхаш а ца девза. Ловзаран гIиллакхаш а чIогIа хийцаделла. Ловзаргахь адамаш дукха хуьлура. Иза уьйтIахь дора. Ловзаргахь хьалха инарла а, тхьамда а, цуьнан гIоьнчий а, хьадалчаш а, човс а хуьлура. Инарлий, цуьнан гIоьнчий баьрччехь хIоттийначу стоьла хьалха Iаш хуьлура. Стол кхачанех йоьттина хуьлура.

Човс хуьлура ловзаргахь кIант а, йоI а хелхадаккхаран рагI ларйеш. Цуьнан хьекъалх, тIахъаьлла хиларх, говзаллех доьзна дара ловзар дIадахьар, цигахь низам латтор. ЙоI, кIантаца хелха а йаьлла, охьахууш, цунна дуьхьал сараг а лоций, човсо мохь тухура: «ХIара хьенан йу? Кхуьнан дола дан мила ву?» - олий. ТIаккха, ловзаргахь волчу цуьнан тIехьийзачу кIанта йа гергарчу стага, йа вешин доттагIчо ахча тосура. Ишттачу ловзаргахь кIантана йоI йовзар а, йоIана кIант вовзар а хуьлура, церан вовшашка уьйр-марзо а кхоллалора.

Белхеш баран бахьанаш а, кепаш а хуьлура тайп-тайпана: тIаргIа къажбар, хьажкIаш тилор, сарамсекхаш, хохаш цIанбар, и.д.кх. Цига мехкарий кхойкхура. Белхи буй хиьча кегийрхой шаьш боьлхура цига, цхьамма а кхайкха а ца оьшуш. Белхех баханчу кегийрхошна гора каде, къинхьегамна тIера йолу йоI. ТIаккха цунна тIе хабар дохьуьйтура оцу кертарчу йоIе йа несе. Циггахь вовшашна девзара. Синкъерамехь а, белхех а йоIера маре йан дош доккхура, кара хIума йаккхар а хуьлура. Амма йоIе хан йиллийтар хийистехь а, ирахьIачохь а бен хуьлуш дацара.

ИрахIер олура кIанта ша тIехьийза йоI лулахошка йа гергарчу нахе кхайкхина, цуьнца къамел дарх. ХIинца-м ду моьттуш а вац со иза. Суна ду олуш хезна-м дац. ИрахIачу хенахь кIантаца а, йоIаца а накъост хила везара. Теш воцуш къамел дар кIант а, йоI а оьзда цахилар ду. Тахана а дохо йиш йоцуш, оьздангаллин бух хилла латта дезаш гIиллакх ду иза. Цундела цу тIера дIасатаIа мегар дац, маггане а.

Йиллина хан тIекхаьчча, йоI йигаран (арайаларан) ши некъ хуьлура. КIентан гергара нах йоIан цIа а боьлхий, циггахь мах, там а бой, нускал схьадаладора. Иза цхьа некъ бара. Уггаре диканиг а бара. ШолгIа некъ бара, йоI, шен цIерачаьрга а хоуьйтуш, маре йаха арайалар. ЙоIан а, кIентан а дений-нанний хууш дина захало чIогIа а, беркате а, мерза а хуьлура. Ларамза ма ца аьлла вайн дайша: «Захало дийнахь а стогар латабай диэ», - дерзийра шен къамел Воккха-Дадас.

***Дадаев Сайд-Хьасан***

# БУДЬТЕ МИЛОСЕРДНЕЕ К ШКОЛЬНИКАМ

«Сердце воробушка» – так говорят о восприимчивых людях. Нервная система каждого человека индивидуально устроена так, что пустячная психологическая нагрузка для одного может стать серьёзным испытанием.

Мы созданы настолько разными, что смысл одних и тех же слов и фраз до каждого дойдёт в своей оригинальной интерпретации. Самые ранимые – это дети. Замечали, как вздрагивает ребёнок, когда на него прикрикнул родитель? Детское сердце ранимо, а душа ещё очень хрупка, её нужно беречь.



### НЕДЕТСКИЕ НАГРУЗКИ В ДЕТСКОМ ВОЗРАСТЕ

Нынешние дети – экспериментальный материал. Почему? Потому что школьная программа и учебники претерпели негативные преобразования.

Пока идут преобразования, испытуемые – это дети. Бесперспективные учебники, бессистемное образование и прочие «ужасы» — это тот груз, который несут на своих плечах представители юного поколения. Им будет в разы сложнее, если такие же загнанные временем родители дома начнут усложнять их участь, ругая на повышенных тонах за отметки или за несделанные «домашки».

Безусловно, контроль нужен, но требовать с детей нужно с учётом всей сложности ситуации. Ведь когда человек находится в стеснённых обстоятельствах, отношение к нему лояльнее, чем к тому, кто обладает комфортными условиями существования. Так же и к детям сейчас нужен особый подход.

Да, домашние задания должны быть выполнены, контрольные написаны, а в детской комнате убрано. Но если подходить не с позиции «сделай и точка, мне всё равно как», а помочь, немного направить ребёнка, то вы будете уже не друг против друга, а соратниками в нелёгком испытании жизнью. А это очень важно для близких людей – ощущение того, что «мы вместе, мы справимся, мы семья», особенно для хрупкой детской души. Ведь как бы ни умалчивал ребёнок о своих переживаниях, проблемах, задачах, возникающих в течение дня, его сердце более ранимо, чем наше, закалённое взрослыми задачами.

### ПОМОЩЬ РОДНОМУ ЧЕЛОВЕЧКУ

Чем мы можем помочь ребёнку?

Можно вместе составить график выполнения домашних заданий. К примеру, разобраться вместе с ребёнком, к чему для него эффективнее приступать, и начинать с этого предмета. Вместе подумать о том, в какое время оптимальнее всего для него начинать делать домашнее задание, чтобы это не угнетало его настроение, и в тот период, когда он ещё полон сил.

Сова или жаворонок - у каждого своё видение этих типажей: кто-то считает, что можно воспитать в себе любой график, а кто-то, напротив, уверен, что есть свои активные часы у каждого организма и нужно к нему прислушиваться. Тут нужно понаблюдать за своим ребёнком. В каждом шаге нужно внимательно, не игнорируя психологическое состояние ребёнка, выстраивать ежедневный график, который со временем станет хорошей базой для того, чтобы чадо умело уже во взрослой жизни составлять планы, выстраивать приоритеты и эффективно использовать время.

Кроме того, можно ненавязчиво ориентировать ребёнка на определение правильных целей. Отметки в школе, абсолютная дисциплина – всё это не самоцель, нужно интересоваться, какое у него настроение, прежде чем спрашивать, какую оценку получил.

**Быть справедливым, рассудительным, уравновешенным родителем – тяжёлая работа, но плата за такую работу самая высокая – это спокойная, счастливая личность в будущем.**

*Айша Тухаева*

# ГРОЗНЫЙ – ГОРОД ВОЗМОЖНОСТЕЙ

Город Грозный – это настоящий символ возрождения и стойкости. За последние годы он претерпел кардинальные изменения, которые сделали его одним из самых современных и привлекательных городов России. Сегодня Грозный с гордостью называют городом будущего.

История Грозного насыщена событиями, которые оставили глубокий след в судьбе города и его жителей. После тяжелых испытаний, связанных с конфликтами и разрушениями, Грозный начал путь к восстановлению и развитию. Власти республики приложили немало усилий для того, чтобы вернуть городу его былое величие.

Грозный активно развивается, и это проявляется в различных сферах жизни. Город стал центром бизнеса и инвестиций, привлекая внимание как российских, так и зарубежных предпринимателей. Здесь открываются новые предприятия, развиваются сферы услуг, образования и здравоохранения.

Сегодня Грозный поражает своей архитектурой, современными инфраструктурными проектами и благоустроенными общественными пространствами. Новые здания, парки, площади и культурные центры стали неотъемлемой частью городского ландшафта, создавая атмосферу уюта и комфорта.

Знаковыми стали такие проекты, как реконструкция исторических памятников и создание новых культурных объектов, что способствует сохранению наследия и формированию уникального облика города.

### ГРОЗНЫЙ – ГОРОД БУДУЩЕГО

Грозный – это не только город с богатой историей, но и место, где активно внедряются современные технологии и инновационные решения. Власти республики уделяют особое внимание развитию умной городской инфраструктуры, что делает жизнь в Грозном более комфортной и безопасной.

Молодое поколение видит наш город не только как место проживания, но и как пространство для реализации своих идей и амбиций. В этом контексте важно узнать, каким они представляют Грозный будущего и что, по их мнению, необходимо для комфортной жизни.

**Диана Межидова, студентка ГГНТУ:**

– Грозный будущего – это динамичный, современный мегаполис, сохранивший при этом свою уникальную культуру и традиции. Я вижу Грозный будущего, как центр образования и науки, с передовыми университетами и исследовательскими институтами, город с развитой инфраструктурой, включающей современные транспортные системы, экологически чистые парки и зоны отдыха.

**Мадина Товсултанова, студентка отделения «Журналистика» ЧГУ:**

– Грозный, как поется в песне Муслима Магомаева о столице, является, на мой взгляд, самым лучшим городом Земли! И я знаю, что со мной согласится каждый, будь то местный житель или турист. Мы, молодежь, часто обсуждаем новые проекты, которые появляются в Грозном. Мне нравится, что город активно модернизируется и внедряет новые технологии. Это отличная возможность для нас развиваться и учиться в современном окружении. Конечно, нам бы хотелось, чтобы в Грозном было еще больше молодежных пространств: креативных центров, кафе и зеленых зон, где мы могли бы проводить время вместе, обмениваться идеями и вдохновляться. Однако, я уверена, что с такими темпами развития, которые есть сейчас, Грозный станет не только самым комфортным городом, но и удивительно благоприятным местом для жизни, учебы и творчества.

**Исмаил Вакаев, учащийся колледжа:**



– Грозный будущего глазами молодежи Чеченской Республики – это город, где традиции гармонично сочетаются с инновациями. Новые проекты должны учитывать не только современную архитектуру и инфраструктуру, но и сохранение культурного наследия. Желаю видеть Грозный будущего развитым и перспективным: с возможностями для обучения, карьерного роста и самореализации. Это может включать современные бизнес-инкубаторы, образовательные центры, а также доступ к технологиям и инновациям.

Молодежь проявляет интерес к развитию предпринимательства. Идеи о поддержке стартапов и инициативных проектов могут помочь раскрыть потенциал молодых людей.

Общее мнение молодежи о будущем Грозного – это стремление к динамичному, комфортному и современному городу, где создаются все условия для роста и развития личного потенциала.

*Амина Масаева*

# 7 СПОСОБОВ НАПОЛНИТЬ СВОЙ ДОМ БАРАКАТОМ

Мы, будучи мусульманами, стремимся к благословению Аллаха во всем. Каждый из нас искренне желает, чтобы Аллах Всевышний ниспослал баракат в наши дома, чтобы самое дорогое для нас место - место нашей семьи - было благословенно Аллахом. Баракат нисходит только от Всевышнего, но, по воле Аллаха, нам дарованы средства, которыми мы можем сделать свой дом благословенным и увеличить баракат в нем.



**1. Коран**

Аллах Всевышний сделал Коран источником бараката, если мы живем по его учению и делаем его своим постоянным руководством. Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) говорил, что дом без Корана подобен мертвому. Дом, в котором Корану уделено особое значение и в котором он постоянно читается, обретает нур, шайтан покидает его, и увеличивается благополучие и счастье семьи.

**2. Бисмилля и зикр**

В хадисе сказано: «Если человек входит в свой дом и поминает Аллаха при входе и во время еды, шайтан говорит (своим сотоварищам): «Здесь нет места, чтобы провести ночь, и нет ужина». Но если он входит без поминания Аллаха при входе, то шайтан говорит: «Вы можете провести ночь здесь». Если он не поминает имя Аллаха перед едой, он (шайтан) говорит: «Вы можете и провести ночь и получить ужин». Поминание Аллаха – это лучшие слова, которые может произнести верующий, и дом, в котором любое дело начинается с поминания Аллаха, непременно обретает благословение Всевышнего.

**3. Садака**

Милостыня должна быть обычным и привычным делом в любой семье. Дающий не беднеет, он обретает довольство Аллаха и увеличение своего удела. В милостыне, заботе о других заключено благо бараката дома, потому что в нем довольство Аллаха.

**4. Родственные узы**

Лишен бараката тот дом, в котором не следуют предписанию Аллаха укреплять семейные узы. Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) говорил, что лучший человек – это тот, кто лучше всего относится к своей семье, а лучшая милостыня – это садака своей семье. В Исламе уделено огромное значение семейным и родственным узам, в разрыве которых – лишение милости Аллаха, в укреплении – обретение его довольства и бараката во всем.

**5. Ранний подъем**

В одном из хадисов сказано, что Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) сказал своей дочери: «О моя дочь, вставай, бодрствуй и присутствуй в тот момент, когда Господь распределяет уделы Своих творений, и не будь из числа беспечных, воистину, Всевышний распределяет мирские уделы для людей в период между рассветом и восходом солнца».

**6. Намаз**

Своевременный намаз – самое любимое для Всевышнего Аллаха. Дом, в котором каждый из членов семьи совершает главное поклонение в свое время, наполняется милостью и довольством Всевышнего Аллаха.

**7. Благодарность**

Благодарность – это поклонение, осознание всех благ, которыми наделил Аллах Всевышний. Дом, в котором каждый понимает это, ценит то, что имеет, благодарен и довольствуется тем, что имеется, непременно любим Аллахом. В благодарности – довольство и баракат Аллаха. Благодарные Аллаху, благодарны друг другу, такой дом полон взаимопонимания, довольства малым и искренней радостью.

**8. Покаяние**

Дом, в котором живут люди, совершающие покаяние и осознающие свое истинное положение, обретает баракат. Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) говорил, что для совершающего истигфар Аллах открывает выход из любой сложности, облегчает его печаль и увеличивает пропитание.

Да ниспошлет Аллах баракат в ваши дома!

*«Ислам сегодня»*

НОХЧИЙН ГIИППАКХАШ

# ОЬЗДАНГАЛЛА ХIУН ЙУ А, ЦО ХIУН МЕТТИГ ДIАЛОЦУ

Таркхойн Шовхала ша волчу хьошалгIа кхайкхина хилла боху цIейаххана болу кIентий. Iуьйранна туьха а ца тосуш, теза кхача хьалха биллина хилла цо царна. Ц+хьаммо инкарло ца йеш, хьешо буъучу барамехь кхача биъна цара. Делкъанна туьха совдаьккхина, кхача хьалха биллина цо царна: Iуьйранна шаьш ма-баъара биъна хилла цара и кхача а. Ткъа суьйранна чам тобина, тоьлла кхача хьалха биллина хилла Шовхала хьешашна. Шаьш Iуьйранна, делкъанна ма-кхеттара кхачанах кхетта, севцца хилла хьеший. ТIаккха церан оьздангаллех цецваьлла, Шовхала хьаьттина хьешашка: «Ма тамашийна болх бу-кх суна гуш берг. Теза, дуьра, мерза цхьатерра йиикх аш?» Хьешашна йукъахь воккхах волчу Эвтархойн Ахьмада жоп делла хилла тIаккха: «Тхо-м хьан шуьне чемаш хержа даьхкина даций, Шовхал. Нехан хьаьвди тIехь дин берстар бац, нехан шуьнехь къонах верстар вац.»

Мел лекхара оьздангалла гойту цу дийцаро. Вайн халкъан фольклора тIера дийцар ду иза. Иштта леккхарчу оьздангаллехь хилла вайн дай. «Хилла»,- аьлла, и иштта дита ца ло, йа и иштта дита лаа а ца лаьа. Оьздангалла Iадъйиуьту хIума йац, «Хилла», - аьлла. Иза гуттар хила езаш йу. Иза Iадйитахь а, иза ширйелла, цуьнан мах дIабаьлла йуьтур йац ахь и Iад, и Iадйитахь, хьайн мах охьабаьллий, хьайн адамалла ширйеллий бен. ГIиллакх-оьздангалла ширлуш йац. ГIиллакх-оьздангалла даима а мехала хIума йу. Цара деш ду адамах адам. Ма-дарра аьлча, уьш хилча, адаман куц-кеп кхин а тало, кхин а хазло. Дукха хьлолахь, оцу адамна тIехьаьжна а гуш хуьлу цуьнан синан цIеналла, цуьнан синан оьздингалла: къамелаца, цIеналеларца, тIехь долчу духарца...

ГIиллакхаш къоман шайн-шайн долуш нислахь а, оьздангалла массеран а йукъара йу. Масала, стоьла тIехь хIоттийна оьздангалла йуьйцуш, вай лакхахь далийна и дийцар схьаэцча, иштта оцу стоьла тIехь оьздангалла ларйар кхечу къаьмнийн а ду: йуучу хIуманна тIецаветтавалар, йаахIума тIецаIенор, йаахIума йуучу хенахь кхечунна хьалха цагIертар... Масане ду уьш. Стоьл тIехь хилла ца Iаш, кхин а дукха а ду лардан дезарш. Нагахь санна, и хIумнаш и лардеш вацахь, и стаг оьзда воцуш лору.

Ткъа вайн халкъалахь и хIумнаш лардеш хилла ду. Цундела оьздангалло вайн дахарехь йоккха меттиг дIалоцу. И иштта хилла хилар вай лакхахь далийначу цхьана дийцаро а гойту. Ткъа дийца и тайпана хIуманаш вайн халкъана йукъахь дукха ду.

Оьзда стаг даима а къовлавелла, тIегулвелла хуьлу. Шех нахана новкъарло ца йо цо. Цо массо хIума лардо. Цуьнан вахар-вар цхьанна новкъарло йоцуш хуьлу, тIедухучуьнца а хуьлу иза цIармат долчух ларлуш, иштта шен багара мотт а ларбо цо товш доцчух, эхьечух. Кхин а дуккха а ду уьш оьздачу стага лардираш а, лардан дезарш а. И хIумнаш лардича хуьлу цуьнах оьзда стаг. Оьздангалло ша ахь ларйича, цу адаман мах хьалабоккху. И шеца йолу стаг йукъараллехь лору. Амма цо и ца лелайахь, цуьнан мах а, цуьнга ларам а охьаболу. Баккхийчара шайн къамелехь цхьаъ хьахош даладора: «Оьзда стаг вара иза, оьзда зуда йара иза, йахь йолуш стаг вара иза, йахь йолуш стаг йара иза...», -олий. Цо гойту «оьзда» бохучу дашца а хадабой адаман мах. Оьзда стаг ву аьлла, цкъа цуьнан мах хадийна ца Iаш, и цIе оцу стагал тIаьхьа а дуккха а йаха йуьсуш хилар гойту цо.



Оьзда стаг муьлххачу къомана йукъахь а лакхара мах болуш хуьлу. Цундела аьлла Н. Пенкина: «Лаккхара оьздангалла–иза шен ненан мотт хиъна ца Iаш, кхин а цхьа мотт хаар ду» («Высокий уровень культуры–это и владение еще одним йазыком, кроме радного»). Цо бохучун маьIна иштта дастало аьлла хета (цуьнан ахь маьIна даьстича, ненан мотт бац цо кхузахь буьйцург. Цо бохург: ахь дуьйцучух и стаг кхетар а, ца кхетар а ду): ахь буьйцуш болчу маттах и стаг ца кхетахь а, хьан леларехь, ахь лелочух кхета муьлххачу къомах и стаг хилча а. Кхузахь вай йуьйцург оьздангалла йу. Ахь шега хIун боху ца хаахь а, хьо тIедухучу духарца цIена, хаза лелаш хилча, йуург хаза, цIена лелош а, йууш а хилча, охьахуучохь, хьалагIоттучохь нахана меттиг йуьтуш, хьайх новкъарло ца йеш хилча, и стаг оьзда стаг вуй хаьа. И хаийта, «И иштта ву»,- бохуш, дийца дезаш дац цхьанна а, и кхечу къомах волчу стагана дийца цуьнан мотт хаа безаш а бац. Вай хIинцца лакхахь ма-аллара, и оцу стеган леларехь, гуш а, хууш а хуьлуш ду. Иза оьздангалла йуй муьлхха а кхеташ ву. И бу и Н. Пенкина бийцина шолгIа мотт. Иштта и оьздангаллин гураш лардеш волу стаг муьлххачу а къомана йукъахь дIалелало, ткъа и оьздангаллин гураш лардеш воцу стаг йуьстахтотту, цуьнца йукъаметтиг а ца еза нахана. Оьздангаллехула бен балуш бац адамашца цхьана некъ, и хьоьгара дIайаьллачохь соцуш бу хьан цаьрца болу некъ. «Адамийн даг тIера воьжча, Далла а ца веза»,- олуш хIума ду хьалкъалахь. Цо гойту адамашца йукъаметтиг мел чIогIа ларйан йеза. Ткъа и йукъаметтиг ларйан оьзда хила веза. Ма-дарра аьлча, хазаллин, дикаллин, цIеналлин мах хууш, и ларйеш, и йезаш хила веза. Вай дагар динарш чIогIа мехала хIумнаш ду. Масала, тIаьххьара долу «ЦIеналла» боху дош вай схьаэцча, цуьнах лаьцна бусалба динехь иштта аьлла бохуш дуьйцу дешначу наха: «ЦIеналла динан ах дакъа ду». Ткъа и «цIеналла» оьздангаллин цхьа дакъа ду. Динехь а мел чIогIа лерина тIаккха оьздингалла.

Оьздангалла муха лорур йац, дерриге хазаниг, цIенаниг, диканиг цуьнца хилча?! Цундела вайн халкъалахь а чIогIа мах болуш йу оьздангалла. Фольклорехь хилла ца Iаш, кхин а йаздархойн а, поэтийн а дуккха а говзарш хуьлу «Оьздангалла» хьехош, йуьйцуш. Иза йуха а цкъа оьздангалла вайн халкъан цIийца хилар хета.

КIорггера гIиллакх-оьздангалла йевзаш, йезаш нах кIеззиг бац вайн халкъан литературехь. И вайн халкъан лард хилла, гуттар йиса лууш бу уьш. Дерриге шайн дахар оцу синмехаллашна дIаделла оцу наха, уьш йуьйцуш, уьш хестош. И синмехаллаш муьлххачу стагехь товш йу. Царна тIехь хьалакхиъна стаг ларам болуш хир ву шегара нахе а, нехан шега а.

И иштта мехала хиларе терра, Ахмадов Мусан «ГIиллакх-оьздангалла» цIе йолуш масех том ишколехь берашна хьоьхучу программина йукъахь йара. Оццу Iалашонна йазйина а йара и томаш, хIора а классана бохург санна, ша-ша уьш билгал а йохуш. Иза дацара, вай гIиллакх-оьздангаллина тIаьхьадисина, вайн тIекхуьу чкъор телхина бохург. И ишколехь берашна хьеха а хьоьхуш, царна цуьнан мах хаийтар а, оцу оьздангаллехь гуттар а уьш чIагIбалийтар а дара.

Оьзда стаг ша цхьаъ волчохь а оьзда хуьлу олу. Ша цхьаъ вара аьлла, оьздангаллех ца вуху иза шен леларехь: ша Iачохь а, воьдучохь а, вогIучохь а, иштта, ша цхьаъ бен воцчохь а, шен маттера долу дош а лардо цо оьзда доцучух. Ма-дарра аьлча, оьзда стаг шена сица оьзда хуьлу. И вайн халкъаца иштта хилла хилар а билгалдаккха лаьа. Вайна дукха дуьйцуш хезна, «Ша цхьаъ волуш а, логера нуьйда хуьлура цуьнан даима а дIайуллий, тIехь пазаташ йоцуш, берзина ца хуьлура цуьнан когаш, буьйсанна а цхьаьна, орцанна мохь тоьхча, кийчча хила веза»,-бохуш, мичча хенахь мохь ма тоьххинехь араэккха мегар долчу духарца вуьжуш, гIоттуш хуьлуш хилла бохуш баккхийчара хийлазза цхьацца нах хьехош, оцу нахах дуьйцуш. «Цара и хьехадора, дуьйцура» ,-бохург, хIинца иштта нах бац бохург дац. Иштта нах тахана а бу.

Цхьацца долу хIума дукха тIехдаьккхича, оцу адамна дукха ницкъ беш хилахь а, тIехь оьзда хилча, товш хуьлу. (Вай дуьйцург: дийнахь санна, тIе бедарш йоьхна, буьйсанна шен дегIе сацадаIийтар ду. Иштта хIуманаш кхин а масане ду... Вайн дайша шайн оьздангалла лакхара хиларе терра, цхьадолу хIуманашца шайна дукха ницкъ беш хилла)... Цунна тIехь долчу духарца а, цуьнан кечваларца а хадабо оцу стеган мах. Иштта хилла вайн дай. Цхьадолчу хIуманашна тIехь, вайна хьалхара царна тIаьхьа охьадогIу чкъор а ду дуккха и хIуманаш хIинца а лардеш.

Дуккха хIуманаш догIу оьздангаллина чу: гIиллакх, гIуллакх, лерам, тешам, йахь... ХIинцца дагардина и хIуманаш хIораннан а шен-шен кхетамаш болуш хIуманаш ду. Ткъа оьздангалла, и дерриге хIуманаш шена чу лоцуш, бакхий гураш болуш хIума йу.

*Банжаев Аьрзу*

# «ЛУЧШИЕ ИЗ ВАС ТЕ, КТО ПРИНОСИТ ДРУГИМ БОЛЬШЕ ВСЕГО ПОЛЬЗЫ»

Людьми, не верующими в истинность Ислама и будущей жизни, движет корысть и жажда наживы. Ради небольшой материальной выгоды они преступают границы дозволенного, жертвуя своими отношениями. Истинный мусульманин никогда не заводит дружбу ради мирского, его дружба основывается на стремлении к довольству Аллаха.

Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует), описывая верующего человека, сказал.

### БЛАГОНРАВИЕ – ОСНОВНАЯ ЦЕЛЬ ПРОРОЧЕСТВА

Жизнь Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) наполнена примерами проявления прекрасного нрава. Во многих хадисах он призывал людей совершенствовать свои нравственные качества: «Благодаря превосходному нраву верующий достигает степени постящегося (днем) и выстаивающего молитвы (по ночам)» (Абу Дауд).

Также Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) назвал благой нрав самым тяжелым, что будет положено на весы в День суда, поэтому верующие в первую очередь должны совершенствовать свой нрав и работать над тем, чтобы избавиться от качеств порицаемых.

В одном хадисе Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сообщил о том, кто будет ближе всех к нему в Судный день: «Воистину, самые любимые мною и самые близкие ко мне в День воскресения – те из вас, которые обладают превосходным нравом. А самые ненавистные мне и самые далекие от меня в День воскресения – болтающие много и бесполезно, говорящие напыщенно и разглагольствующие». Его спросили: «О, Посланник Аллаха, а кто такие разглагольствующие?». Он сказал: «Это – высокомерные» (ат-Тирмизи).

Одним из главных проявлений хорошего нрава, о котором говорится в многочисленных хадисах, является доброе отношение и помощь людям.

Как быть полезным людям?

Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) рассказал, как мы можем быть полезными людям, чтобы заслужить его спутничества в День суда: «Лучшие из людей – те, которые наиболее полезны людям, а лучшие из деяний – это даровать радость людям, избавлять их от трудностей, прощать долги и кормить голодного. Ходить по делам моего брата милее для меня, чем в течение месяца совершать итикаф в этой мечети (т.е. в мечети Пророка).

Кто сдержит себя во время гнева, недостатки того скроет Аллах. Кто подавит свою ярость, имея возможность проявить её, сердце того Аллах наполнит надеждой в День суда. И кто отправится вместе со своим братом по его делам, пока не приведёт их в порядок, Аллах утвердит его стопы в тот день, когда они будут оступаться. И поистине, дурной нрав портит деяния так же, как уксус портит мед» (ат-Табарани, Ибн Асакир).

В этом хадисе Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) поведал о самых главных деяниях, которые приближают к Творцу, и которыми человек может приносить людям наибольшую пользу.



### БЛАГИЕ ПОСЛЕДСТВИЯ ПОМОЩИ ЛЮДЯМ

Помогая другим, человек в первую очередь приносит пользу самому себе, ведь Аллах за это дарит людям великие вознаграждения.

Когда Посланнику Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) было ниспослано первое откровение на горе Хира, он в страхе поспешил домой, закутался в одеяло и рассказал своей жене Хадидже (р.а.) о том, что произошло с ним. Он сказал: «Я испугался за себя!». Выслушав его, Хадиджа сказала: «Нет, нет! Клянусь Аллахом, Аллах никогда не покроет тебя позором, ведь ты поддерживаешь связи с родственниками, помогаешь нести бремя (слабому) и оделяешь неимущего, оказываешь людям гостеприимство и помогаешь (им) переносить невзгоды судьбы!».

Все, что перечислила достопочтенная Хадиджа, является проявлением самого благого нрава в отношении других людей. По мнению мудрой Хадиджы, именно из-за доброго отношения к родственникам, помощи бедным и нуждающимся Аллах должен был почтить Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует), в чем она, конечно же, была права.

*«Ислам сегодня»*

## ПРИСЛУШАЙСЯ

Прислушайся... Слышишь? Сердце бормочет
И плачет от боли, пятен и дыр.
Накрыло грехами, как нефть кроет море.
Зачем же живьём ты его схоронил?
Забыл об Аллахе, о милости, вере,
Но помнишь, где прячется смута, разврат.
И душу раскрыв нараспашку в преддверье,
Не знаешь, как снова вернуться назад.
Ты раз совершил плохое деянье,
В карманы ты жадно прячешь грехи,
А сердце кричит и кипит от страданий,
Ведь тянет плохое, как адский магнит.
И вместо того, чтоб раскаяться, пав,
Смиренно склонившись, прося о прощенье,
Ты вновь окунаешь в запреты рукав
И ищешь не там для сердца спасенья.
Пока сердце бьётся и ищет поддержки,
Себя потеряв во тьме и в плохом,
Вставай на путь истины с каплей надежды,
Всевышний простит, обретёшь новый дом.
Прислушайся... Слышишь? Сердце бормочет,
Тревожась о том, что будет с тобой,
Тебе повторяя, что только с Аллахом
Ты вновь обретёшь душевный покой.

*Хадижат Гамидова*

**ДIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете йазвалар!**
**34 шо дIадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьххьарлера бусалба динан газет «Исламан зIаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Iедал долуш бусалба газет арадалар. Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХIетахь дуьйна газетан агIонаш тIехь оха зорбатуху Iеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гIиллакхаш, Iадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.**
**Йазло «Исламан зIаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.**

**Учредитель:**
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

**Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров**
**Основатель газеты М. Д. Заурбеков**
**Главный редактор Ф. М. Заурбекова**

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori_islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928, Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать 08.10.2025 г. 15:00. Подписано в печать: 08.10.2025 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии АО «ИПК «Грозненский рабочий». Адрес типографии: 364021, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35.
Индекс издания ПА882.

16+

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!